



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU MENNEN ETID SOU ENDISTRI  
SÈVIS PEMAN APRE ESKANDAL MYPAYROLLHR**

***Lejislasyon S.3577/A.7786 egzije Depatman Sèvis Finansye a pou mennen yon etid konsènan founisè sèvis peman tyès pati yo***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon S.3577/A.7786 pou egzije Depatman Sèvis Finansye a mennen yon etid sou endistri sèvis peman an, apre eskandal MyPayrollHR ki te lakòz gwo pwoblèm finansye pou travayè ak ti biznis yo. Depatman Sèvis Finansye a, nan konsiltasyon avèk Depatman Fiskalite a, pral mennen yon etid konsènan asirans oswa lòt zouti rediksyon risk ak founisè sèvis peman tyès pati k ap bay sèvis sa yo pou asire sante endistri a ak egzistans ase pwoteksyon konsomatè. Sirentandan Sèvis Finansye a pral soumèt yon rapò sou dekouvèt ak rekòmandasyon bay Gouvènè a, Prezidan Pwovizwa Sena ak Pòtpawòl Asanble a.

"Travayè ak pwopriyetè ti biznis yo nan New York te devaste akòz efondreman MyPayrollHR epi sa enpòtan pou nou genyen tout enfòmasyon yo pou konprann sa ki te mennen nan kriz sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Premye etap nan nenpòt pwosesis se rasanbleman tout enfòmasyon yo sou sa ki rive a epi itilize done yo pou kreye yon plan pou avanse epi se egzakteman sa lejislasyon sa pral fè".

An 2019, otorite federal yo te jwenn ke Prezidan konpayi jesyon peman nan rejyon nò New York la, MyPayrollHR, te devye 26 milyon dola fon peman yo nan kont pèsònèl li. Sa te lakòz yo konjele kont MyPayrollHR yo ak chèk peman k ap distribye avèk fon ki pa te egziste. Tranzaksyon sa yo te answit anile, sa ki lakòz gwo frè dekouvè pou travayè ki enplike yo. Lejislasyon sa pral egzije Depatman Sèvis Finansye Eta New York la pou travay avèk Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) lan pou mennen yon etid sou endistri a, yon premye pa nan revize ensidan sa ak wè ki teknik prevansyon posib ki egziste.

**Senatè Eta Neil D. Breslin, te deklare,** "Konsidere eskandal MyPayroll HR la ki te rive an 2019, ki te kite plizyè milye anplwaye ak ti anplwayè san peman oswa lajan yo, sa te vin trè klè ke nou te dwe egzamine endistri founisè sèvis peman an pou detèmine ki pwoteksyon siplemantè pou konsomatè ki dwe mete anplas pou asire yon sityasyon konsa pa rive ankò. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li siyen pati lejislasyon enpòtan sa pou tounen yon lwa".

**Manm Asanble Kevin A. Cahill te deklare,** "Twa ane pase, nou te gade avèk degou kijan yon konpayi peman te vòlè plizyè dizèn milyon dola nan men biznis ak anplwaye New York yo. Fanmi yo pa te ka menm rive konprann kijan pou yo peye lwe ak bòdwo piske salè yo pa te okenn kote yo ka wè epi anplwayè yo pa te ranplase fon ki manke yo. Nou vle asire okenn fanmi pa gen pou fè fas ak sitiyaasyon sa. Se poutèt sa nou dwe veye endistri sèvis peman tyès pati a pou wè kijan sa te rive ak ki mezi nou kapab pran pou asire okenn moun pa pèdi salè yo ankò. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li rejwenn nou pou pwoteje rezidan nou yo nan siyen pwojè lwa sa a epi mwen pa ka tann pou m wè tout etid la".

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)